**दिन—गुरूवार** **दिनांक—20.06.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

पटना उच्च न्यायालय बिहार मे सरकारी नोकरी आ शैक्षणिक संस्थान सभ मे पछड़ल वर्ग, अति पछड़ल वर्ग, अनुसूचित जाति आ अनुसूचित जनजाति लेल आरक्षण पचास प्रतिशत सँ बढ़ा कऽ पैंसठ प्रतिशत करबाक राज्य सरकारक निर्णय के रद्द कऽ देलक अछि। मुख्य न्यायाधीश के. विनोद चन्द्रन आ न्यायमूर्ति हरीश कुमारक खंडपीठ आरक्षण बढेबाक संवैधानिक वैद्यता के चुनौती देबयवला कतेको याचिका पर सुनवाई के बाद एहि साल एगारह मार्च के निर्णय सुरक्षित राखि लेने छल। विधानमंडल मे आरक्षणक सीमा बढ़ेबा सँ सम्बन्धित विधेयक पारित हेबाक बाद राज्य सरकार पछिला साल नवंबर मे सम्बन्धित अधिनियम के अधिसूचित कयने छल। आर्थिक रूप सँ कमजोर वर्ग लेल वर्तमान दस प्रतिशत कोटाक संग प्रदेश मे कुल आरक्षण सीमा बढ़ाकऽ पचहत्तरि प्रतिशत कऽ देल गेल छल। एहि मध्य प्रदेशक उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि अछि जे राज्य सरकार एहि निर्णयक विरूद्ध सर्वोच्च न्यायालय मे याचिका दाखिल करत।

---

राज्य सरकार दरभंगा, मुजफ्फरपुर, भागलपुर आ गया मे मेट्रो निर्माण लेल अपन सैद्धांतिक सहमति दऽ देलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे मंत्रिमंडलक भेल बैसार मे एहि आशयक प्रस्ताव के मंजूरी देल गेल। बैसार मे किसान लोकनि के राहत दैत राज्य सरकार डीजल अनुदान लेल एक सय पचास करोड़ टाकाक स्वीकृति देलक अछि। अधिकतम आठ एकड़ जमीन लेल डीजल अनुदान भेटत। बैसार मे विभिन्न विभाग सँ जुड़ल बाईस एजेंडा पर सहमति देल गेल।

---

केन्द्र सरकार पछिला अठारह जून के भेल यूजीसी नेट परीक्षा रद्द कऽ देलक अछि। संगहि, ई मामिला गहन जाँच लेल केन्द्रीय जाँच ब्यूरो सीबीआई के सौंपल जा रहल अछि।

गृह मंत्रालयक भारतीय साइबर अपराध समन्वय केन्द्रक राष्ट्रीय साईबर अपराध विश्लेषण इकाई के परीक्षा मे गड़बड़ी हेबाक किछु जनतब भेटल छल, जकर बाद ई परीक्षा रद्द कयल गेल। आब पुनः परीक्षाक आयोजन कयल जायत।

———————————————————————

शिक्षा मंत्रालय पटना मे नीट यूजी परीक्षा दू हजार चौबीसक आयोजन मे कथित अनियमितता पर बिहार पुलिसक आर्थिक अपराध इकाई सँ विस्तृत रिपोर्ट मांगलक अछि। मंत्रालय एक बयान मे कहलक अछि जे ग्रेस अंक सँ संबंधित विषय के पहिनहि निपटाओल जा चुकल अछि। मंत्रालय कहलक अछि जे परीक्षा मे अनियमितता  मे संलिप्त व्यक्ति अथवा संगठनक विरूद्ध कार्रवाई कयल जायत। एहि मध्य उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आइ आरोप लगौलनि जे नीट प्रश्न पत्र लीक मामिला मे मुख्य आरोपी सिकन्दर यादवेन्दु लेल पटनाक एनएचएआई गेस्ट हाउस मे कमरा के पूर्व उपमुख्यमंत्री तेजस्वी यादवक निजी सचिव प्रीतम कुमार बुक करौने छलाह। उपमुख्यमंत्री दावा कयलनि जे हुनका लऽग एहि सम्बन्ध मे फोन कॉल डिटेल आ गेस्ट हाउसक रजिस्टर मे दर्ज इंट्रीक साक्ष्य उपलब्ध अछि।

———————————————————————

रूपौली विधानसभा उपचुनाव लेल काल्हि नामांकनक अंतिम तिथि अछि। नामांकन पत्रक जाँच चौबीस जून के होयत। नाम वापसीक अंतिम तिथि छब्बीस जून निर्धारित अछि। एखन धरि जदयूक कलाधर मंडल राजदक बीमा भारती सहित तीन निर्दलीय प्रत्याशी सेहो नामांकन पत्र दाखिल कयलनि अछि। मतदान दस जुलाई के होयत, जखनकि मतगणना तेरह जुलाई के हेबाक अछि।

———————————————————————

सम्पूर्ण प्रदेश मे मौमस मे बदलाव भेल अछि। राजधानी पटना समेत प्रदेश मे अधिकांश ठाम बेस राति रूकि–रूकि कऽ बरखा भेल। एहि सँ लोकसभ के भीषण गर्मी सँ किछु राहत भेटल। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार किशनगंज, अररिया, पूर्णियां, सुपौल, सहरसा आ मधेपुरा मे कतेको ठाम मुसलाधार बरखा भेल अछि। किशनगंजक ठाकुरगंज मे सभ सँ बेसी दू सय एक दशमलव छओ मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल। दरभंगा, मधुबनी, सीतामढ़ी सहित प्रदेशक उत्तरी क्षेत्र मे सेहो बरखा हेबाक संवाद प्राप्त भेल अछि। मौसम

विभागक अनुसार अगिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक उत्तर–पूर्वी क्षेत्र मे कतेको ठाम तेज हवाक संग बरखा हेबाक संभावना बनल अछि। ओतहि, राज्यक दक्षिणी क्षेत्र मे किछु ठाम लू चलबाक आ गर्म दिवस हेबाक चेतावनी सेहो जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————————

नेपाल स्थित कोसी बराज सँ आइयो दू लाख चारि हजार एक सय पचहत्तरि क्यूसेक पानि छोड़ल गेल। जाहि सँ नीचला क्षेत्र मे बाढ़िक खतरा उत्पन्न हेबाक संभावना बनि गेल अछि।

———————————————————————————

एहि मध्य दरभंगा मे जिला पदाधिकारी राजीव रौशन संभावित बाढ़ि आ सुखाड़क पूर्व तैयारी के लऽकऽ सम्बन्धित विभागक पदाधिकारीक संग समीक्षा बैसार कयलनि आ सुरक्षा बान्हक लगातार निरीक्षण करबाक निर्देश अधिकारी लोकनि के देलनि।

———————————————————————————

दरभंगा मे दिग्घी पश्चिम स्थित सूफी संतक दरगाह पर आइ सँ तीन सय पचहत्तरम उर्स मेला शुरू भऽ गेल।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।